

Deklarasyon Dwa Travayè yo

Si w ap travay nan Vil New York, ou gen dwa sa yo kèlkeswa sityasyon imigrasyon w.

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (DCWP, Department of Consumer and Worker Protection) te kreye yon apèsi sou lwa enpòtan Vil la, ak lwa federal pou w konnen dwa w nan travay ou.

Remak: "Anplwaye" epi "kontraktè endepandan" se klasman diferan travayè. Nou endike kilè yon dwa nan travay aplike pou yon kontraktè endepandan.

I. Dwa nan Travay DCWP egzije yo respekte

Konje pou Sekirite ak Maladi Peye
 Chanjman Orè Tanporè
 Dwa Travayè Manje Fasfoud
 Dwa Anplwaye Magazen ki Vann an Detay
 ak Sèvis Piblik
 Dwa Travayè Livrezon Manje
 Dwa Travayè Endepandan
 Avantaj Transpò
 Dwa Travayè Makèt

III. Dwa Moun k ap aplike pou Travay

Transparans Pèman
 Entèdiksyon Istorik Salè
 Dwa Lè W ap Itilize yon Ajans Travay
 Zouti Otomatik pou Desizyon nan zafè Travay

II. Dwa nan Travay Lòt Ajans egzije yo respekte

Dwa pou Salè minimòm ak Lè
 Salè ki Anvigè
 Konje Peye pou Fanmi
 Lwa sou Konje Fanmi ak Konje Medikal
 Konpansasyon Travayè ak
 Avantaj pou Andikap
 Pa gen Travay Fòse
 Espas travay ki an Sekirite e ki an Sante
 Espas Travay ki pa gen Diskriminasyon
 Dwa pou Òganize
 Avantaj pou Chomaj
 Asirans Sante
 Klasman Travayè Kòrèk
 (Anplwaye oswa Kontraktè endepandan)

I. Dwa nan Travay DCWP egzije yo respekte

Seksyon sa a mete aksan sou lwa travay enpòtan Vil New York yo.

Remak: Li pa konplè epi li pa bay konsèy jiridik.

Okenn Repezay

Li ilegal pou yo pini, revoke oswa pran nenpòt aksyon kont travayè yo k ap egzèse oswa eseye egzèse dwa yo. Kontakte DCWP imedyatman depi ou sispèk gen repezay.

Kontakte DCWP

Pou aprann sou lòt lwa travay vil New York, poze yon kesyon, oswa pote yon plent:

- Al gade nan **nyc.gov/workers**
- Rele nan **311** (212-NEW-YORK andeyò Vil New York) epi presize lwa sou pwoteksyon travayè a

DCWP ap kenbe idantite ou konfidansyèl sof si lalwa egzije pou li revele oswa si w bay pèmision. DCWP pa pral poze ou kesyon sou estati imigrasyon ou.

Konje pou Sekirite ak Maladi Peye

Si w ap travay a tan pasyèl oswa a plen tan nan nenpòt ki biznis oswa ki pa la pou fè pwofi nan Vil New York oswa si w ap travay kòm yon travayè domestik nan Vil New York ou gen dwa pou pran jiska 40 oswa 56 èdtan konje nan yon ane pou pran swen tèt ou oswa nenpòt moun ou konsidere kòm fanmi ou. Itilize konje pou:

- sante, tankou maladi oswa swen medikal prevantif;
- sekirite poutèt vyolans domestik, kontak seksyèl ou pa vle, tizonnay, oswa trafik moun.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent:

- Al gade nan nyc.gov/workers
- Rele 311 epi di Paid Safe and Sick Leave (Konje pou Sekirite ak Maladi Peye)

Chanjman Orè Tanporè

Ou gen dwa fè chanjman orè tanporè pou jiska 2 jou ouvrab pa ane pou kèk evènman pèsònèl. Sa gen ladan dwa pou pran konje ki pa peye. Evènman pèsònèl tankou:

- gadri;
- pran swen yon fanmi oswa yon manm nan kay la ki gen yon andikap;
- odyans sou avantaj piblik;
- nenpòt itilizasyon dapre Lwa Konje pou Sekirite ak Maladi Peye.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent:

- Al gade nan nyc.gov/workers
- Rele 311 epi di Temporary Schedule Change (Chanjman Orè Tanporè)

Dwa Travayè Manje Fasfoud

Si w ap travay nan fasfoud, ou dwe jwenn:

- orè regilye chak semèn;
- peman Sipleman lè yo chanje orè travay yo;
- priyorite pou travay nan nouvo orè yo;
- pwoteksyon travay kont revokasyon oswa rediksyon èdtan.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent:

- Al gade nan nyc.gov/workers
- Rele 311 epi di Fair Workweek Law (Lwa Semèn Travay Jis)

Dwa Anplwaye Magazen ki Vann an Detay ak Sèvis Piblik

Si w ap travay nan yon magazen ki vann an detay oswa nan sèvis piblik, ou dwe jwenn orè travay ou chak semèn 72 èdtan anvan premye larelèv la.

Patwon w lan pa ka fè chanjman nan dènye minit.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent:

- Al gade nan nyc.gov/workers
- Rele 311 epi di Fair Workweek Law (Lwa Semèn Travay Jis)

Dwa Travayè Livrezon Manje

Kontraktè endepandan ki fè livrezon restoran pou yon aplikasyon gen dwa.

Si ou fè livrezon restoran pou yon aplikasyon, aplikasyon yo dwe:

- peye ou to salè minimòm*;
- di ou konbyen poubwa kliyan an bay pou chak livrezon;
- di ou peman total ou ak poubwa pou jou pase a;
- pèmèt ou limite ki kote ou prale lè ou soti nan restoran yo epi refize itilize kèk pon oswa tinèl;
- ba ou detay sou wout yo anvan ou aksepte yon livrezon;
- peye ou omwen yon fwa pa semèn.

*Mizajou sou to salè minimòm lan fèt 1ye avril chak ane.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent:

- Al gade nan nyc.gov/workers
- Rele 311 epi di Delivery Workers (Travayè Livrezon)

Dwa Travayè Endepandan

Si ou se yon kontraktè endepandan (travayè endepandan) nan Vil New York, ou dwe jwenn:

- yon kontra ekri;
- peman alè epi konplè pou travay ou.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent:

- Al gade nan nyc.gov/workers
- Rele 311 epi di Freelance Workers (Travayè Endepandan)

Avantaj Transpò

Si w ap travay a plen tan nan yon biznis oswa ki pa la pou fè pwofi ak 20 oswa plis anplwaye a plen tan ki pa sendika nan Vil New York, patwon w lan dwe ofri w yon pwogram avantaj transpò.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent:

- Al gade nan nyc.gov/workers
- Rele 311 epi di Commuter Benefits (Avantaj Transpò)

Dwa Travayè Makèt

Si w ap travay nan yon makèt yo vann, nouvo pwopriyetè a dwe kenbe anplwaye ansyen pwopriyetè a pou yon peryòd tranzisyon 90 jou.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent:

- Al gade nan nyc.gov/workers
- Rele 311 epi di Grocery Workers (Travayè Makèt)

II. Dwa nan Travay Lòt Ajans egzije yo respekte

Seksyon sa a mete aksan sou lwa travay enpòtan Vil, Eta, ak federal ki pwoteje anplwaye yo. Li mete aksan tou sou pwoteksyon kont diskriminasyon travayè Vil New York la ki pwoteje plizyè kalite travayè, san wete kontraktè endepandan yo.

Remak: Li pa konplè epi li pa bay konsèy jiridik.

Dwa pou Salè minimòm ak Lè

Ou gen dwa pou w resevwa omwen yon to salè minimòm pa èdtan.

Ou ka gen dwa pou peman siplemantè anplis salè minimòm pa èdtan, tankou:

- *Peman lè siplemantè*: Peman demi èdtan salè pou travay plis pase 40 èdtan nan yon semèn.
- *Peman pou travay yo rele w vin fè andeyò lè travay ou*: Peman paske yo te voye w lakay ou davans.
- *N ap peye w tout lè w fè ap travay yo*: Peman pou lè kòmansman jounen ak fen travay ou yo plis pase 10 èdtan apa.
- *Peman pou antretye inifòm*: Peman si w ap netwaye pwòp inifòm ou.

Anplwayè ou a dwe:

- ba ou yon avi alekri sou to peman lè w ap anboche;
- ba ou yon deklarasyon salè detaye (fich peman) chak jou peman.

Ou gen dwa ak pwoteksyon anplis ki gen rapò ak:

- dediksyon ilegal nan salè;
- repo ak poz;
- travay travayè ki poko gen 18 lane.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

New York State Department of Labor

dol.ny.gov (chèche “labor standards”) | 888-469-7365

Salè ki Anvigè

Dapre lwa Eta ak Vil la, kontraktè yo dwe satisfè kondisyon ki make pi wo sou salè minimòm ak avantaj yo pou travayè ki anba sèten kontra travay piblik ak kèk pwojè prive k ap resevwa finansman piblik oswa avantaj taks.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

New York State Department of Labor

dol.ny.gov (chèche “prevailing wage”) | 888-469-7365

New York City Comptroller

comptroller.nyc.gov (chèche “prevailing wage”) | 212-669-3916

Konje Peye pou Fanmi

Patwon w lan dwe bay jiska 12 semèn konje peye avèk pwoteksyon travay pou:

- kreye lyen avèk yon timoun ki fèk fèt, yo adopte oswa ki nan fanmi dakèy;
- pran swen yon manm fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav; oswa
- ede moun ki pwòch yo lè yo voye yon mari/madanm, moun ki nan plasaj, pitit oswa paran aletranje nan kad sèvis militè aktif.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

New York State Paid Family Leave

paidfamilyleave.ny.gov | 844-337-6303

Lwa sou Konje Fanmi ak Konje Medikal

Patwon ki gen 50 anplwaye oswa plis dwe bay anplwaye ki elijib jiska 12 semèn konje fanmi ak konje medikal ki pa peye.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

U.S. Department of Labor

dol.gov | 866-4-USWAGE (866-487-9243)

Konpansasyon Travayè ak Avantaj pou Andikap

Ou gen dwa pou resevwa avantaj lajan kach ak/oswa swen medikal si ou vin malad oswa blese kòm yon rezilta dirèk nan travay ou.

Patwon w lan dwe bay tou avantaj andikap tanporè pou blese oswa maladi andeyò travay la, tankou andikap ki gen rapò ak gwosès oswa akouchman.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

New York State Workers' Compensation Board

wcb.ny.gov | 877-632-4996

Pa gen Travay Fòse

Travay fòse, yo konnen tou kòm trafik moun, se yon krim grav. Viktim yo travay kont volonte yo akòz fòs, fwod, oswa kontrent.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w jwenn èd, kontakte:

National Human Trafficking Hotline

(U.S. Department of Health & Human Services Administration for Children & Families)

888-373-7888 (24 èdtan, 7 jou pa semèn)

New York State Department of Labor Division of Immigrant Policies and Affairs

877-466-9757 (lendi jiska vandredi, 9 a.m. rive 5 p.m.)

Gen yon fòm soulajman nan imigrasyon ki rele T visa ki disponib pou sèten sivivan trafik.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w jwenn èd, kontakte:

Mayor's Office of Immigrant Affairs Immigration Legal Support Hotline

800-354-0365 (lendi jiska vandredi, 9 a.m. rive 6 p.m.)

Espas travay ki an Sekirite e ki an Sante

Espas travay ou a pa dwe gen danje pou sante ak sekirite. Ou gen dwa tou pou resevwa enfòmasyon ak fòmasyon sou danje ki gen nan travay.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

Occupational Safety and Health Administration

osha.gov | 800-321-OSHA (800-321-6742)

Ou gen dwa pou kreye yon komite sekirite nan travay pou travayè ak manadjè pou adrese pwoblèm sekirite nan espas travay.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

New York State Department of Labor

dol.ny.gov (chèche "HERO Act") | 888-469-7365

Espas Travay ki pa gen Diskriminasyon

Lwa Vil, Eta, ak Federal entèdi asèlman seksyèl ak diskriminasyon nan travay. Vil New York lwa anti diskriminasyon kouvri anplwaye yo, kontraktè endepandan, entèn, ak aplikan travay.

Nan Vil New York, li ilegal pou anplwaye yo fè diskriminasyon ki baze sou kategori ki pwoteje, tankou men pa limite a:

- laj
- antesedan kondanasyon (nan anpil ka)
- andikap
- sèks
- estati imigrasyon oswa sitwayènte
- orijin nasyonal
- gwosès
- ras
- relijyon
- oryantasyon seksyèl

Aranjman Rezonab

Patwon nan Vil New York dwe bay aranjman rezonab nan espas travay la ki baze sou:

- andikap (fizik oswa mantal)
- gwosès, akouchman, alètman
- seremoni relijye
- sitiyaasyon kòm yon viktim vyolans domestik, (tankou abi ekonomik), vyolans seksyèl, oswa moun k ap tizonnen ou

Aranjman rezonab ka gen ladan yon chanjman nan yon orè travay, obligasyon, ak oswa ekipman.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

NYC Commission on Human Rights

nyc.gov/humanrights | 311 (di Discrimination) oswa 212-416-0197

New York State Division of Human Rights

dhr.ny.gov | 888-392-3644

U.S. Equal Employment Opportunity Commission

eeoc.gov | 800-669-4000

Egalite Salè

Ou gen dwa pou jwenn menm salè pou yon menm kalite travay epi diskite sou salè w ak kolèg travay ou yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

New York State Attorney General

ag.ny.gov (chèche “equal pay”) | 800-771-7755

Dwa pou Òganize

Ou ka mete tèt ou ansanm ak kolèg ou yo pou amelyore kondisyon travay ou yo, tankou òganize yon sendika. Patwon ou pa ka pran aksyon kont ou paske w ap òganize oswa pale kolèg travay ou yo sou kondisyon travay yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

National Labor Relations Board

[nlrb.gov](http://nlr.gov) | 844-762-NLRB (844-762-6572)

Avantaj pou Chomaj

Patwon ou dwe genyen asirans chomaj kibay revni tanporè, jiska 26 semèn, si ou pèdi travay ou san se pa fòt ou epi w ap chèche travay seryezman. ou dwe gen otorizasyon legal pou travay pou kalifye pou avantaj chomaj.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte:

New York State Department of Labor

dol.ny.gov (chèche “unemployment”) | 888-209-8124

Asirans Sante

Si patwon ou ofri asirans sante, ou ka gen dwa pou kontinye avantaj sante lè ou pèdi kouvèti asirans oswa chanje travay.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte:

U.S. Department of Labor

dol.gov (chèche “Employee Benefits Security Administration”) | 866-444-3272

Klasman Travayè Kòrèk (Anplwaye oswa Kontraktè endepandan)

Anpil dwa travayè aplike sèlman pou travayè ki klase kòm anplwaye.

Si ou se yon anplwaye oswa yon kontraktè endepandan depannde plizyè faktè ak nati aranjman travay ou a.

Move klasman rive lè patwon yo trete travayè yo ta dwe konsidere anplwaye yo kòm kontraktè endepandan oswa peye travayè yo “ki pa ekri nan dosye” san yo pa peye taks. Move klasman refize travayè yo dwa ak avantaj yo kòm anplwaye.

Pou Plis Enfòmasyon oswa pou Rapòte move klasman, kontakte:

New York State Department of Labor

dol.ny.gov (chèche “misclassification”) | 866-435-1499

III. Dwa Moun k ap aplike pou Travay

Seksyon sa a mete aksan sou lwa enpòtan Vil, Eta ak federal.

Remak: Li pa konplè epi li pa bay konsèy jiridik.

Vil la ofri èd gratis pou moun k ap chèche travay ki gen otorizasyon legal pou travay. Kontakte Depatman Sèvis pou Ti Biznis Vil New York pou aprann sou Sant Karyè Workforce1:

- Al gade nan nyc.gov/workforce1
- Rele **311** epi di Workforce1

Transparans Pèman

Pifò patwon yo dwe endike entèval salè a nan yon afich travay.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

NYC Commission on Human Rights

nyc.gov/humanrights | 311 (di Salary Transparency)

New York State Department of Labor

dol.ny.gov (chèche “pay transparency”) | 888-469-7365

Entèdiksyon Istorik Salè

Anplwaye yo pa ka mande pou istorik salè ou pandan pwosesis anbochaj la.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

NYC Commission on Human Rights

nyc.gov/humanrights | 311 (di Discrimination)

New York State Department of Labor

dol.ny.gov (chèche “salary history ban”) | 888-469-7365

Dwa Lè W ap Itilize yon Ajans Travay

Ajans travay yo dwe genyen yon lisans DCWP pou fonksyone nan Vil New York.

Ajans yo pa ka chaje w yon frè anvan yo mete w nan yon travay. Frè yo pa ka pi plis pase kantite maksimòm lwa Eta a fikse a. Si ou peye yon frè ilegal, ou ka mande yon ranbousman.

Ajans yo dwe ba ou yon kontra epi resi yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

NYC Department of Consumer and Worker Protection

nyc.gov/workers | 311 (di Employment Agency Complaint)

Zouti Otomatik pou Desizyon nan zafè Travay

Patwon yo ak ajans travay yo pa ka sèvi ak yon zouti otomatik pou pran desizyon travay (AEDT) nan Vil New York, sof si yo asire yo te fè yon verifikasyon pa t gen patipri epi yo bay anplwaye yo ak kandida travay yo avi obligatwa yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, kontakte:

NYC Department of Consumer and Worker Protection

nyc.gov/dcwp | 311 (di AEDT)